



Lwa PROTECT la

Nan dat 5 Dawout 2026, Gouvènè Healey te siyen Lwa PROTECT la, **ki etabli kèk nan pwoteksyon ki pi solid nan peyi a kont aksyon ICE ap fè.**

✓ **Pwoteksyon pou kote ki sansib yo**

Lwa PROTECT la entèdi imigrasyon fè arestasyon san yon manda jidisyè ou byen san yon lòd ki soti nan:

Tribinal yo (apati 3 novanm 2026)

Lekòl piblik yo, lekòl charter yo, lekòl pwofesyonèl ak teknik yo (vo-tech), ansanm ak lekòl agrikòl yo.

Sant gadri, gadri famiyal, oswa etablisman gadri an, gwoup ki gen lisans oswa ki resevwa finansman nan men Depatman Edikasyon ak Swen Timoun Bonè Massachusetts.

Etablisman swen sante yo, tankou lopital, Sant Sante Kominotè yo, pwogram pou tretman twoub ki gen rapò ak itilizasyon sibstans, ansanm ak kay retrèt yo.

Buwo leta yo, teren leta yo ak lòt zòn ki anba kontwòl leta, tankou State House la.

✓ **Sipò pou fanmi yo, travayè yo ak moun ki viktim yo**

Lwa PROTECT la bay rezidan yo nouvo zouti pou yo planifye epi pwoteje avni yo.

Gadyen an ka (Standby Guardianship): Paran yo kapab kounye a etabli davans yon gadyen pou pitit yo, nan ka yo ta vin arete oswa depòte pa ICE.

Notifikasyon sou odit Fòm I-9: Anplwayè yo oblije kounye a fè anplwaye yo konnen nan lespas 48 èdtan apre yo resevwa yon avi sou yon odit Fòm I-9 (yon revizyon dokiman ki montre yon anplwaye gen otorizasyon pou travay).

Sètifikasyon pou viza U ak T: Apati 3 novanm 2026, pwosesis pou moun ki viktim krim oswa trafik moun yo ap jwenn sètifikasyon nan men ajans ki konsène yo (tankou lapolis ak pwosekitè yo) pou sipòte aplikasyon yo pou viza U oswa T, ap vin pi rapid epi ap gen pi bon estanda. Ajans Massachusetts ki bay sètifikasyon yo ap gen kounye a 45 jou pou reponn ak demann sètifikasyon yo, epi 14 jou ouvrab pou reponn nan kèk sitiyasyon ijan.

✓ **Lwa PROTECT la tou:**

Pèmèt moun yo pote yon pwosè devan **tribinal leta yo kont ofisyèl gouvènman yo, tankou ofisyèl federal yo, tankou ajan ICE**, lè yo vyole dwa konstitisyonèl federal yo.

Bay **Pwokirè Jeneral la** otorizasyon pou depoze yon pwosè si twoup federal yo entèfere nan eleksyon yo, oswa si ajan ICE fè yon arestasyon nan yon kote ki pwoteje, tankou tribinal yo.

Li pral etabli nouvo kondisyon ki gen rapò ak **aksè ak sèvis legal, notifikasyon sou transfè, aksè nan lang, ak kominikasyon** pou moun ki nan detansyon nan Massachusetts, ansanm ak fanmi yo ak avoka yo ki bezwen kominike avèk yo. (Apati 3 novanm 2026)

Entèdi nouvo akò 287(g), eksepte nan kèk sikonstans limite, epi li entèdi ofisyèl leta ak lokal yo kenbe oswa detni yon moun pou remèt li bay ICE san yon manda jidisyè, sa ki konfime Lwa ki deja an vigè.

Kreye yon nouvo **Komisyon Imigrasyon** pou mennen ankèt epi fè rekòmandasyon sou kesyon imigrasyon nan Massachusetts. Dispozisyon sa a antre an vigè imedyatman.



Governor Maura T. Healey
Lt. Governor Kim Driscoll

Mass.gov/ProtectAct